



## THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

**ROBERT W. RUNCIE**  
*Superintendent of Schools*

The School Board of  
Broward County, Florida

Heather P. Brinkworth, Chair  
Donna P. Korn, Vice Chair

Lori Alhadeff  
Robin Bartleman  
Patricia Good  
Laurie Rich Levinson  
Ann Murray  
Dr. Rosalind Osgood  
Nora Rupert

14 Mas, 2019

Pou tout fanmi, estaf ak kominote Broward County Public Schools,

Le 5 Mas, apre plizyè manm nan kominote a te bay opinyon-yo epi touswit apre School Board (konsèy eskolè) te fè yon deba konstriktif, kote School Board-la te vote anfavè pou m kontinye rete nan pozisyon lidèchip kòm Sipèrentandan. M ap di tout moun ki te vin pataje panse-yo mèsi, swa yo te la an pèsonn swa nan yon lòt fason, epitou mwen rekonesan anpil dèské manm Board-la sipòte mwen nan travay m'ap akonpli nan lekòl publik Broward County. Kòm mwen toujou Sipèrentandan ou, mwen pa ka tann kowopere ak School Board, ak nou chak, pou nou reyalize sa ki pi bon pou timoun Broward County.

Nan anne ki sot pase a, mwen te travay avèk dilijans pou fè lekòl-nou-yo pi an sekirite, epi ak pwogrè n ap fè kounyea nou pral mete anplas lekòl ki gen plis sekirite nan leta Florid. Pa gen oken dout, anvan lontan nou va sèvi kòm modèl sekirite pou rès nasyon-an; nou demare pwojè a apati zewo konsa nou adrese kesyon sekirite nan lekòl alaswit trajedi ki te frape nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School le 14 Fevriye, 2018. Kounyea se lemoman pou nou tout fè yon sèl epi travay ansanm pou montre nasyon-an kijan yon kominote ka fè fas ak trajedi epi mete tèt ansanm pou yon demen miyò. Se volonte sa timoun-nou-yo vle wè nan adilt ki fè pati lavi-yo. Timoun-yo konte sou nou pou swiv yon chemen ki va mennen-yo vè yon avni miyò - yon avni kote kominote fonksyone ann amoni, kolaborasyon, kowoperasyon, epi amou.

Sekirite nan lekòl-nou-yo te toujou yon priyorite epi ap toujou rete pi gwo priyorite. Kòm n ap kontinye vanse pou pi devan, nou pran angajman rete fidèl a misyon esansyèl nou ki se founi yon edikasyon bon kalite pou tout elèv-nou-yo nèt pandan n ap asire sekirite-yo. Toulejou, m ap panse kouman travay n ap reyalize kounyea gen yon efè sou jenn lespri elèv-nou-yo, atravè Konte sa. Mwen pa ka tann wè timoun-yo epanwi epi yo kapab devni pwofesè remakab, moun ki nan biznis, politisyen, syantis, lidè kominote, ak lòt gran kontribyean sosyete nou. Se poukisa gen yon plas spesyal nan kè mwen pou gwo kantite pwogram inovatif nou ofri elèv-yo, pwogram ki va sipòte aspirasyon ak kreyativite-yo, tankou pwogram atistik epi vizyèl, syans anviwonnan, syans konpitè, klas deba, je echèk, pwogram Cambridge bakaloreya entènasyonnal, pwogram fòmasyon teknik e pwofesyonnel ki bay sètifikasyon ke endistri apwouve ak tandòt ankò.

Trajedi ki te frape nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School ta ka rive nenpòt kote men sa rive isit nan Broward County. Pèt nou te sibi afekte m anpil toulejou, epitou sa chanje mwen pou toujou. Ositou, mwen rete detèmine pou m fokis sou travay m ap fè kounyea nan Broward paske mwen refize kite trajedi a, oswa doulè ki pèsiste alaswit trajedi a, donminen nou. Mwen soti pare epi pran angajman sèvi kominote a epi pote 100 pouzan efò mwen chak jou devan School Board kòm n ap kontinye travay ansanm pou bay timoun-nou-yo yon edikasyon baze sou nòm elve, nan yon anviwonnan an sekirite.

Mwen kwè se yon opòtinite inik ki pèmèt nou batì yon eritaj apwopriye pou tout moun ki te pèdi lavi yo epi ki te sibi donmaj; yon eritaj ki fè non sèlman lekòl-nou-yo andisi, savledi plis ranfòsman ak amelyorasyon mezi sekirite nan lekòl-yo, oswa ki fè nou gen deba sou kesyon pwofesè ki ta dwe pote zam, men yon eritaj ki defini nou antanke kominote. Se lemoman pou nou mete tèt ansanm epi fè sa ki posib, nan meyè enterè elèv-nou-yo. Se nou tout ki dwe travay ansanm pou batì yon avni pi briyan pou timoun-nou-yo, mwen pa ka tann kowopere ak ou pou batì avni sa.

Sensèman,

Robert W. Runcie  
*Superintendent of Schools*